

*Ti kaye mizik kreyòl*

**Haitian Creole ~ Kreyòl ayisyen**  
University of Florida, Gainesville

*Kriz* (On Rap & Ragga, 'Kanaval 2003')

Ede mwen priye, ede mwen rele,  
Se sikonstans lavi a ki rann mwen òlalwa [x3]  
M pa bezwen anpil, ban m yon ti diri ak pwa,  
De twa chemiz, m ava santi m se yon wa,  
Yon ti smoka anvan m dòmi touleswa,  
Sa k pou m manje, mache ake reta, [ake = ak]  
Al pran yon ti flann bò zòn mache anba,  
Sa k pèdi lafwa, ki rele Danbala,  
Pa eseye sinon anba tè fènwa  
Sa k ap mennen, zokòt pa gen lajwa,  
Wet kò grapyay, ban m lè pou m f on ti brasay,

Ede mwen priye, ede mwen rele,  
Se sikonstans lavi a ki rann mwen òlalwa [x2]

Nèg p ap travay, men sou do ou ap plen chay,  
Timoun grangou, jenn fanm yo ap rale nay,  
Fanm vanite chache bezwen glorifay  
Met kòd nan kou, met tout moun sou brasay,  
Òptòwn, dawòntòwn, tout moun vle fil òlray,  
Sa ki fè stayl pou yo jwenn yon pasay,  
Drèdlòks moun chay, drèdlòks ala maskay,  
Sa k ap souffri, gen sa k pa jwenn travay,  
Sa k rale payp, ou ki gen pwoblèm lakay

Ede mwen priye, ede mwen rele,  
Se sikonstans lavi a ki rann mwen òlalwa [x2]

Heri Dòmskòt, ou ap fè stil pwepye y

Kale dada ou, kale dada ou	- kale y	[= kale li]
Vire tounen, vire tounen ou	- vire vire y	[vire li]
Woule oto woule oto ou	- woule oto ou,	se ou k ap fè l
Boule lajan ou, boule lajan ou	- boule, boule	
Mete nan kò, mete nan kò ou	- ou ap mete y	
Klete m andann ou, klete m anndann ou	- mete l andan ou	

Ah!!!!

Kale dada ou, kale dada ou, kale dada ou, jan ou vle,  
Vire tounen, vire tounen, vire tounen, jan ou vle  
Woule oto ou, woule oto ou, woule oto ou, jan ou vle  
Boule lajan ou, boule lajan ou, boule lajan ou, jan ou vle,  
Gazolin, pyès machin, kamyonèt: tèt nèg!  
Kale dada ou, kale dada ou, kale dada ou, jan ou vle,  
Matcho moute moun ou, moute moun ou, moute moun ou, jan ou vle,  
Bèl nana, chouchoun yorèz, bèl kravati: tèt nèg!

Bèl kostim, bèl soulye, sekirite ou: tèt nèg!  
Kale dada ou, kale dada ou, kale dada ou, jan ou vle,  
Mete nan kò, mete nan kò ou, mete nan kò, jan ou vle  
Klete m andann ou, klete m anndann ou  
Kat kanpe, gwo dada, ti dada: tèt nèg  
Kale lonbrik, kale lonbrit, kale lonbrit ou, jan ou vle,  
Chanje koulè ou, chanje koulè ou, chanje koulè ou, jan ou vle,  
Rasta rale payp ou, rale payp ou, rale payp ou, jan ou vle  
Akwana, ki lòt tannga, twa uityèm: tèt nèg

**Twa samdi, bobi stò, sèlulè: tèt nèg**

Kale dada ou, kale dada ou, kale dada ou, jan ou vle,  
Jere mizè, jere mizè, jere mizè, jan ou vle, [jere = manage]  
Mayi moulen, pitimi, ti rakwa: tèt nèg!  
Aransò, luildoliv, grenn magi: tèt nèg!  
Kale dada ou, kale dada ou, kale dada ou, jan ou vle  
Eskwokri, deblozay, briganday, anba lavil la

Kale dada ou, kale dada ou, kale dada ou, jan ou vle,  
Vire tounen, vire tounen, vire tounen, jan ou vle  
Woule oto ou, woule oto ou, woule oto ou, jan ou vle  
Boule lajan ou, boule lajan ou, boule lajan ou, jan ou vle,

***Ou pati (Haïti Twoubadou, vol. 2, 2001)***

M. Benjamin

Premye jou m rankontre ou,  
kè mwen manke rete  
sa m t ap chache anlè  
Men mwen jwenn li atè

Sa te fè m plezi  
M te genyen ou kòm zanmi  
Yon moun pou konsole m  
Lè m te gen dlo nan je m

***kè***

Ou pati, kite mwen,  
Pou bèl moman nou te pase  
Kounye a nou blije separe, se sa li ye  
Ou pati, kite mwen,  
Se avèk ou kè mwen vle ye  
san ou lavi mwen pa konble, tounen souple

Depase de zane, nou pa t janmen bouke  
Ban m yon rezon ki fè relasyon pa mache  
Doudou cheri, m te fè tout sa ou anvi  
pouki ou kite mwen, m ap mande ou retounen

[janmen = janm]

***kè***

wòlòlò ~ ayayay

Ayiti twoubadou

Depi ke ou ale, m santi m chavire  
Mwen ka mande Bondye, kisa m fè m ap peye  
Sa te ban m maltèt  
Alòs m ekri ou yon lèt  
pou m di jan m renmen ou, mwen ta renmen avè ou

***kè***

**Tu me touche** (Haïti Twoubadou, *vol. 2, 2001*)

R. & R. Martino

Sonje moman nou te konn pase a de  
Sou plas Bwaye nou te konn rankontre  
Pou nou pale, nou karese  
Ou a di m tout sa ou panse  
Se nan ou menm, cheri, mwen vle pou m abite,  
Pou fè lanmou doudou jouk tan solèy leve  
Minwi sonnen, n ape manyen  
Tout kò m ap frisonnen  
M pa sa kenbe, mwen vle rete, konsa mwen vle rete

Touche me ankò

Ayiti twoubadou, style it

Zeb bo do bo do

Aïe, aïe, tu me touches,  
Aïe, aïe, que c'est bon!

[Ay ay ou ap manyen m]  
[Ay ay, ala bon li bon!]

Vire, vire, vire, le konpa, twoubadou styling, kite l mache [konpa a; twoubadou estil]  
Myouzik

Mande, mande,

Tout sa m ap mande ou, s on ti bo  
Tout sa m ap mande ou, cheri, se yon ti bo

Ou fè m mal            depi lè m te renmen  
Ou fè m mal            mwen te toujou damou  
Ou fè m mal            anvan nou te pale  
Ou fè m mal            pou nou pa t janm kite  
Ou fè m mal            lè ou te anndan Leksus la  
Ou fè m mal            Ou te vole sou mwen  
Ou fè m mal            Gade mwen nan bògenn nan  
Ou fè m mal            pa gade m kou chyen

C'est la loi de la vie, hein

Men twoubadou a, bon bagay!

Tout sa m ap mande, s on ti bo!  
Tout sa m ap mande ou, cheri, se yon ti bo!

*Ayizan (Haïti Twoubadou, vol. 2, 2001)*

F. Rouzier, C. Bélizaire, E. Charles

Mwen wè djaman se lèzye klere  
Mwen santi m fyè, se lè ou souri ban mwen  
Depi tout vi mwen, se pou ou, ou met fè de li tout sa ou vle  
Depi ou pa tiye lespwa pou m posede

Ayiti twoubadou

Yo toujou di wòch nan dlo pa konn doulè wòch nan solèy  
Pa gen pèsonn omond ki kapab di m ki jan m renmen ou  
Pou... [???)  
Pou tout vi m  
Tout lespwa m, o!

Pa meprize mwen,  
Ban m yon ti plas nan kè ou  
Mwen konnen ou renmen m  
Depi ou kapab koute,  
Lè ou pa wè, ou chèche mwen [=chache]

Fò ou padonnen mwen,  
Si ou ta wè m pa pale, m di ou tout sa k nan kè m,  
Se paske m twò renmen ou  
Lè m pa wè ou mwen twouble

Men twoubadou a... Se lakay

*kè*  
Mwen pral lapriyè,  
m ap trase vèvè,  
m ap monte wo pou m al jete dlo

Wi m konnen nan tout sa ou ap fè ki bon,  
Fòk ou ap fè sakrifis,  
cheri m pre pou sakrifye tout vi m pou ou [pou wou]

*kè*  
Ayizan, fò ou ban mwen fanm sa,  
Si ou pa ban mwen l, m a rele wòy, wòy, wòy,

Mwen di, Ayizan, fòk ou ban mwen fanm sa,  
Men se li mwen vle, se li mwen renmen

Mwen di, Ayizan, fòk ou ban mwen fanm sa,  
Fanm nan pran lespri mwen, an verite li zombifye mwen

***Ki lang ou pale (Haïti Twoubadou, vol. 1, 2001)***

J. Jean, G. Benoit

Que idioma que hablas, cuando hacer el amor?  
Dis-moi quelle langue tu parles, quand tu fais l'amour?

Prejije k gen sou latè, fè ke lezòm pa ka janm viv an pè,  
pwoblèm relijyon, pwoblèm koulè,  
Konn fè n bliye nou se ki frè  
e poutan lè n ap karese, se yon sèl lang nou tout pale  
s on sèl fason nou fè lanmou, s on sèl filing nou dwe santi

kelkeswa nasyonalite ou, se menm sansasyon, se menm filing,  
e kelkeswa lang ou pale, se yon sèl fason nou fè lanmou  
kelkeswa nasyonalite ou, lè filing monte ou, ou tonbe karese  
Nou te mèt pa pale menm lang, nou f on jan nou kominike,

Lanmou se yon langaj inivèsèl, se yon bagay ki natirèl,  
S on sansasyon ki san parèy, s on trèdinyon antre lèras [ras yo]  
Ou te mèt pale panyòl, ou te mèt pale kreyòl,  
Lè filing ap monte, sansasyon ap tonbe

Di m ki lang ou pale lè ou ap fè lanmou ~ pale kreyòl!  
Di m ki lang ou pale lè ou ap karese ~ pale panyòl!  
Di m ki lang ou pale lè ou ap fè lanmou ~ pale tenten!  
Di m ki lang ou pale lè ou ap pale, hèy!

Ay wanna seks you òp!  
Enpi, enpi, kite l mache.

Mwen g on ti menaj, chak fwa m ap karese l  
Mwen g on jan m ap touche li, li di m cheri ou anpeche m pale  
Mwen gen yon ti boubout, chak fwa m ap karese l,  
Mwen gen yon jan m ap manyen li, li di m cheri ou anpeche m pale

Mwen di kite m pale, mwen di kite m pale  
Doudou kite m pale, cheri kite m pale...

***Tout sansik k ap bwè san fanm gen pou prije***

*Rit tanbou djoumba*

Tout sansi k ap bwè san fanm yo gen pou prije (x 3) [leech/blood/squeezed]  
Randevou deja kase nan kafou malè [The meeting is already broken at the  
crossroads of misfortune]

Yo kraze nou, yo brize nou, nou pa ka pale (x 3)  
Randevou deja kase nan kafou malè

Tout gason k ap bat madanm yo gen pou jije (x 3) [are going to be judged]  
Randevou deja kase nan kafou malè

-Madanm Norbert

Recorded by Ben H. in Boden, Ayiti, 26 Jen, 1999

Gabriel bat tanbou sou rit yanvalou

### *Fanm ayisyèn*

Fanm ayisyèn o, istwa deja montre n  
ou te **potekole** we worked together [‘carry-stuck’]  
nan gwo batay pou n gen lendepandans nou.  
Fanm ayisyèn, nou se limyè peyi a,  
Nou se latè, nou se **rasin** lavi a, the root of  
Se nou ki **sèl** nan manje tout konbit salt; food (n.); community work group  
N al louvri je nou anvan **jwèt** la gate the game; spoilt  
N a louvri bouch nou anvan jwèt la gate

te = past tense marker            gate = to spoil  
sèl = salt

-Madanm Norbert  
Recorded by Ben H. in Boden, Ayiti, 26 Jen, 1999  
Gabriel bat tanbou sou rit yanvalou

### *Kesyon*

Kisa istwa deja montre n?  
Dapre Madanm Nòbè, ki sa yon fanm ye?  
Madanm Nòbè di, fanm yo se “rasin” yo ye. Kijan èske yon fanm se yon rasin? Eske  
yon gason kapab yon rasin tou?  
Kisa fanm yo bezwen louvri?  
Kisa “jwèt la” vle di?  
Eske ou apresye chan sa a? Poukisa?

***Legba nan bayè a***

Legba nan bayè a, Legba nan bayè a, Legba nan bayè a  
Se ou ki pote drapo, se ou k ap pare solèy la pou lwa yo

Legba nan ounfò a, Legba nan ounfò a, Legba nan ounfò a,  
Se ou ki pote drapo, se ou k ap pare solèy pou lwa yo

bayè = baryè

Papa Legba, Alegba = important (male) Vodou spirit  
ounfò = sanctuary of Vodou temple

lwa = vodou spirit

pare = prepare

***Bonswa!***

Bonswa, bonswa, bonswa msyedam!

Bonswa, bonswa, bonswa lasosyete! [the society: voodooists]

Ayibobo!

Chan anrejistre pa Ben Hebblethwaite, Bèl Rivyè

Granmoun ap chante (le gen 68 an)

Nou bouke, bouke, bouke...

Travay pou n bay gran nèg yo manje

Refren:

Papa Bondye, peyi nou se pou ou,

Se ou ki te fè lavi nou nan men ou

Dirije nou, ba nou pwoteksyon ou,

Kòm pèp n ap chèche avanse

**Fènwe**, ki kote pou n ale, tanpri ban n limyè, lespri ou [darkness]

Konsa n ap bati **wayòm** ou, [kingdom]

Men tou, wayòm ou p ap rive, toutan genyen moun anba pye

Toutan genyen **san** k ap koule, toutan **dwa** moun pa respekte [spills/rights]

Lavi pou yon pèp se travay

Travay pou nou gen yon batay, batay devlopman ak batay

Mizè se yon fòm esklavay

Bondye nan batay pa...

Echwe sa ka mennen n nan fènwa

Pou m ka defann dwa tankou pa m



### ***Ti chan Kretyen***

Pa gen konfyans nan zanmi w frè mwen  
Si l pa trayi ou jodi yo mèt tann sa  
Nan yon sèl moun ou dwe konfye zanmi  
Se Jezi sèl ki konn sa w bezwen

Zanmi ou li monte tout tan ou gen byen  
Dè l gen santi, gen richès, gen bèl kay  
Kan lavi a kòmanse maltrete w  
Yo pa [pral] gade w tankou yon pil fatra

Sonje yon jou siklòn t ape vante  
Lè sa m te fè ladesant kay zanmi  
Malgre lapli zanmi m mete m deyò  
Depi lè sa mwen jwenn kay nan Jezi

Te gon zanmi ki te konn tout afè m  
Zanmi m sa te trayi m nan yon segond  
Li di m l ap ban m pwason l ap ban m kout lè  
Sa pa pwoblèm paske Jezi avè m

#### ***Vokabilè :***

byen	van > vante	trayi
dè	ladesant	
yon pil fatra	malgre	
maltrete	kout lè	
siklòn	ape	

#### ***Kesyon:***

Ki mesaj èske chan an genyen?  
Èske ou dakò avèk mesaj la  
Èske sitiyasyon ayisyèn nan ap kreye pwoblèm nan  
Kouman nou konnen chan an soti nan Ayiti?

#### ***Onon Zayilo yo tonbe***

from *Angels in the Mirror: Vodou music of Haiti* (Ellipsis, 1997)

Onon Zayilo  
Yo tonbe  
Yo kite lapli mouye n(ou)  
Yo kite solèy seche nou Papa  
Lapli mouye vre manman, solèy sèche vrè papa  
Vèditè malpalan yo move vrè  
Pouvwa fin lan men yo,  
y ape kache pou lwa tankou l pa t fè anyen o!  
Rele Djowou/Ginen pou nèg sa yo

**Sen Jak** ~ (*Ogou*) [*ogounen* = to fight, battle]

Awo che Nago! [Ibo, Nago, Banbara, Mondong, Kongo, elat.]

Sen Jak o m pral fè yon wout o, ann ale avè mwen!  
O Agowè / He Agowè [Ago-e]  
Ou mèt tandè kanno, pinga vire gade! Ann ale avè mwen!

Sen Jak mare nan poto, pa priye pesòn o,  
Lage li pou mwen  
Li met genyen vè, li met genyen maleng nan do  
Sen Jak o ba li lavi pou mwen  
Pa priye pesonn  
Ba li lavi pou mwen

**Simbi** ~ Manman Mèt Tanbou  
from *Musiques paysannes d'Haïti* (Ruda Records, 1997)

Simbi wo ya ye, Simbi wo ya ye [langaj ~ esoteric African  
expressions]

Je yo poko konnen mwen  
Je yo poko konnen mwen

Simbi wo en an ye [in a ye] Kongo [... ???]

Kreyòl yo poko konnen vre / mwen  
Kreyòl yo poko konnen mwen / vre

Simbi wo ayè... Simbi o ye ya ye [...] Kongo  
Simbi .... a ye  
Simbi ... an di a ye  
Kongo ni a ye

**Ezili Dantor** ~ Kiye bwa

(Ti) Ezili Dantor prete m poulè pou nou an la, m pral fè maji a mache  
Se ou k mache, se ou ki wè... atò  
Adje, m pral fè maji a mache  
A, w a prete m poulè pou nou la pou m fè maji a mache

**Sansasyon** (T-Vice, *Ban m T-Vice mwen*, 1999) [vèsyon orijinal: Selina]

Bidi bidi bòm bòm  
Mwen pa ka kontrole nan kò... O...O...

Lè mwen wè  
Lè mwen wè ou k ap pase devan m  
Se ti kè mwen ki pran bat fò  
E li kòmanse tranble/chante  
S on sansasyon [se yon]  
Ki ban m frison [frison se lè ou tranble]  
Mwen pa ka kontwole nan kò... O... O...  
S on sansasyon ki ban m frison

Lè ou ap pale  
Maman cheri lè ou pale ou fè tout kò m tranble  
Se ti kè mwen ki pran rache  
E li kòmanse chante

S on sansasyon  
Ki ban m frison  
Mwen pa ka kontrole nan kò... O... O...  
S on sansasyon ki ban m frison

De konpa monchè!

T-Vice sa s on kawbòy  
Annik pote zorèy ou e nou nan biznis  
Ayiti! Ayayayay!  
Se sa ou di mwen pou m fè  
    Ay cheri! Se sa w di m  
        Tout sa w di mwen  
            Ay maman

***Kesyon***

Kisa ou panse de chan an?  
Kisa "bidi bidi bòm bòm" vle di?  
Chan an pale de ki sije?  
Nan klas la nou te aprann yon lòt jan pou n di "pran...", sa l ye?  
Li pale de ki sansasyon nan chan an?  
Poukisa chantè a di "Ay cheri! Tout sa w di mwen..."

***Sen Jak*** ~ (=Ogou)

Awo che Nago! [Ibo, Nago, Banbara, Mondong, Kongo, elat.]

a)

Sen Jak o m pral fè yon wout o, ann ale avè mwen!

O Agowè / He Agowè [Ago-e]

Ou mèt tandè kanno, pinga vire gade! Ann ale avè mwen!

b)

Sen Jak mare nan poto, pa priye pesòn o,

Lage li pou mwen

Li met genyen vè, li met genyen maleng nan do

Sen Jak o ba li lavi pou mwen

Pa priye pesonn

Ba li lavi pou mwen

**Papa Danbala** ~ Toto Bissainthe (1977) from *Toto Bissainthe chante Haïti*, Arion

Jou poko leve  
N ap travay,  
Solèy fin kouche  
Gade n ap travay...  
Men tout moun se moun  
Se menm mèt la ki kreye n  
Men poukisa nou pa ka gen libète  
Libète, woy, Papa Danbala

Papa Danbala, Danbala  
Ou konnen n se pitit ou Papa  
Papa Danbala, Danbala  
Louvri je ou pou gade n (bis) [j ow]  
Danbala, ey  
M ape mande ou  
Kote ou ap kite pitit ou yo  
Danbala woy  
Fò ou vini wè  
Nan ki mizè pitit ou ye...

**Dèy** (Toto Bissainthe, 1977) [Mourning]

Dèy o m rele dèy o / Mwen chante dèy o / N ap...

Ayiti woy  
Ayiti cheri men pitit ou mouri  
Men lòt yo toutouni *naked*  
Sa ka pote dèy la pou ou woy  
Ayiti Toma men san ou nan Djaspora  
Men peyi a ap kaba *ending*  
Sa ka pote dèy la pou ou

Ayiti desonnen [desounen] *Vodou seremony in which the soul of the dead  
is extracted from its body*

Ayiti je fèmen  
Ayiti detounen  
Sa ka pote dèy la pou ou  
Ayiti m rele ou  
M rele ou pou ou rele m  
Fòk ou rele tout san ou  
Fòk peyi a sanble *assemble*  
Woy, Woy pou konbit la

Ayiti a leve, Ayiti a kanpe  
Ayiti a danse nan konbit la  
Mwen rele woy Ayiti

*Blokis* (Konpa Kreyòl *Sa k te gen tan gen la*, 2001)

Yo, mèn, swè m tcheke fanm nan, mèn,

M apiye sou djip kay vwazen an [lean on]

~ Djip la?

epi klim nan m ap sekwe

Sa ou tande a papa

...li pran kouri wi [singer is describing discovering his girlfriend...]

~A monchè, e pa anyen serye [friend consoles him]

Ou pa gen plas ou ankò, monchè, a,

baay sa a fòk ou kite l, mèn, afè m ale... m bouke pale ou pou li [???] [bagay]

Paske mwen nan baay sa a nou prèske vòlè

Anvan yè oswa m mont on taksi [monte]

dirèksyon Laplenn, m pral wè menaj mwen,

menaj sila t ape maltrete mwen, li pa vle konprann

m gen grav pwoblèm machin,

Men cheri, fòk ou pran m jan m ye, JAN M YE!

lavi a di, nèg p ap travay,

lè yon transfè tonbe, fritay, li manje l nan men mwen, [fastfood sold on street]

ti rèz ki rete a, mezon kous machin

Gad on solèy cho, taksi! [gade]

Laplenn nan pou ou!

Atansyon chofè, O O, pa fè pa Delma [go in the direction of]

Men Delma bloke, lage kò ou Taba ~ ala de koze papa! [go in the direction of]

Chofè, men Taba bloke,

Kase tèt tounen, n ap fè pa Boudon, [turn back around]

Ou wè lari a bloke, monchè, fè pa anndan, mèn! Sa k ap pase ou la!

Pa bò isit nou fè konpa, nou mete l nan ... tout janm kanson kontan [???]

Wooo n ap sòti Petyonvil BLOKUS! destinasyon Petyonvil [PauP]

Tout kote nou pase BLOKUS! sikilasyon bloke

Machin gen mal pake

Vole sa ap voye pye [???]

Anpil kontravansyon [fines]

Gwoup la pral mande anraje!

Sa sa ye?

Sa se KONPA, WI! ~ E SA L YE, WI [se]

Tout tan, tout tan, tout tan

Sa sa ye, sa sa ye? Sa se KONPA, WI!

Mezanmi, sa se move ...

... mal pake machin nan nan lari a, pa posib monchè

Chofè m wè ou sòti pou fè m dòmi deyò

Msye pa konprann anyen

Si m pa rive ka fi a l ap kite mwen!

[kay fi a]

Men Pòtoprens ou wi!

Atansyon chofè, pa fè pa Boudon!

Lage kò ou anndan, n ap fè ayewopò

~ Ou pa bezwen plenyen, m ap peye tout kous!

[the ride]

Chofè pa fè pa ayewopò, ayewopò bloke, nasyonal numbè wann,

Chofè pa gen mèsì mche di m

[msye]

*Kreyòl ayisyen*

Mizik vodwizan, recorded by Ben Hebblethwaite,  
1/10/2000 in Belle Rivière, South East Haiti

Non madigra a: “Pti Koudjay”

Yon madigra se yon bann chantè ak mizisyen ki pwomennen lè epòk kanaval. Lè yo fè parad yo chante, bat tanbou, jwe akodeyon (si yo genyen yonn), bwè tafya, elatriye.

### **Bawon Lakwa**

Bawon konnen moun yo, konnen Bondye  
Bawon an, Bawon Lakwa, konnen moun yo, konnen Bondye  
Bawon an, Bawon Lakwa, konnen moun yo, konnen Bondye

Bawon papa konnen moun yo, konnen Bondye

Mimwòz: Sa se rit rasin ginen *rhythm*  
Benn: Eske ou konn kèk chan pou Ogou, pa egzanp?

O o, Ogou!

### **Ogou (Fera)**

M ap vole,  
M pral rele Ogou o, m pral vole  
Lè m vole, m vole twò wo,  
Si ou pa pare, pa rele Ogou sa! Abobo!

### **Ogou Travay**

Ogou travay o, Ogou pa manje!  
Ogou travay o, Ogou pa manje! (x2)  
Ogou sere lajan l pou l achte yon bèl rechany *saves; suit*  
Bèl rechany o, Ogou dòmi san soupe *eat supper*

*Fòk sa chanje* (Tropikana, *Fòk sa chanje*)

1.

Jodi a nou tout nou nan mizè  
Sa fè mal pou n wè se konsa sa ye  
Nou konnen se mas pèp la ki plus nan ka  
N ape mande si sitiyasyon p ap janm chanje

[plus = PauP; plis = target]

2.

Nou konnen lemonn pa t kreye nan yon sèl jou  
Fòk nou ka konprann peyi nou kap devlope  
Si nou bay lamèn piti piti sa va mache  
Kondisyon t ava amelyore plu vit

[lamèn = men]

[plu = PauP; pi = target]

[t ava = “would be able to,” i.e. conditional]

3.

Jodi a pitit nou nan mizè  
Sa fè n mal pou n wè se konsa sa ye  
Nou konnen se mas pèp la ki plus *nan ka*  
N ape mande si sitiyasyon [situwasyon] p ap janm chanje

[in a bind, “in a case”]

4.

Nou konnen lemonn pa t kreye nan yon sèl jou  
Fòk nou ka konprann peyi nou kab devlope  
Si nou bay lamèn piti piti sa va mache  
Kondisyon t ava [kab] amelyore plu vit

Yè!

5.

Bondye va voye je sou nou! Pou n fè volonte ou  
Bondye va voye je sou nou! Sitiyasyon va chanje  
Bondye va voye je sou nou! Pou n amelyore  
Bondye va voye je sou nou! Pou n alfabetize  
Bondye va voye je sou nou! Pou n fè volonte ou  
Bondye va voye je sou nou! Pou n t al konsyantize  
Bondye va voye je sou nou! Pou n amelyore  
Bondye va voye je sou nou! Pou timoun y al lekòl

[will]

[improve]

[conduct a literacy campaign]

[make people conscious]

6.

Ede nou pou n ka chanje sa ki pa twò bon  
Pou peyi nou a vanse jan nou tout espere!

Repete: Bondye va...

What kind of semantic force does *pou* have above? i.e. *Pou n fè...*

What kind of verb is *ka* in section 6?

*Claudette ak Ti Pierre*

Kouzen se pa t sa ou te di m(wen)  
Ou te di m konsa si ou plase avè m  
ou a(va) marye avè mwen.

Nanpwen wòb, nanpwen jipon... atò

granmèsi yon pye mango m te gen nan lakou m ki sove lavi m.

Si fè sa, se peche, pa fè sa...

Me si ou fè sa, kouzen, se peche, yayay, pa fè sa, ay, pa fè sa...

*Chan kreyòl: yon madigra andeyò*

Enrejistre pa Benjamin Hebblethwaite an Ayiti nan lokalite Bèl Rivyè a, janvye 2000

Pti Koudjay [noisy celebration sometimes associated with Voodoo]. Yon madigra se yon gwoup ki defile pandan kanaval (fevriye-mas). Souvan yon oungan oubyen yon manbo mennen madigra a. Yon madigra toujou gen tanbou, banbou e moun k ap chante, bwè kleren ak danse. Manm madigra a pote mas yo. Si manm nan madigra yo gen kòb yo ka genyen enstriman tankou akòdeyon, gita, e bandjo. Yo prepare anpil pou defile a. Yo konn chante chan vodou e tradisyonel yo. Kanaval se yon selebrasyon ki revele nanm [soul] ayisyen an.

-----  
[Yon lwa monte yon manm nan bann madigra]

...Chan pou lwa Gede fini...

Madanm: Ehh... msye Bèn Benjamen, se konsa nou pale nan Pti Koudjay, nou pa mache avèk ni oungan ni manbo, nou mache avèk rasin Ginen [African roots; ancestral spirits]... Depi se yon kote rasin Ginen ap jwe, e Ti Koudjay, fòk gen yon rasin Ginen ki parèt, ou wè prèv...

Ben: Wi! M wè prèv jodi a

Gason: Se laverite! [That's the truth]

Madanm: Depi se Pti Koudjay k ap jwe fòk gen yon Lafrik Ginen ki parèt.

[Kounye a ou tande yon chan ki rekonèt [greet] prezans lwa nan gwoup la]

Bonswa, bonswa, bonswa msyedam!  
Bonswa, bonswa, bonswa lasosyete! [the society: voodooists]

Ayibobo!

[Kounye a lwa limenm pale...]

Lwa: M cho, cho, cho.

Gason: Ba l on [yon] ti dlo

Lwa: Mwen sòti nan lapè [laplèn?]

Madanm: Li sòti kote ki rele Ti Gwav... L ap bay non n [non ni / non li]

Lwa: Vye, vye, vye bout kou...kou...kou...koulèv...èv...èv...èv...

Madanm: Sa vle di lwa koulèv, men se “vye bout koulèv”

Lwa: Mwen nan solèy, mwen cho... m te pase wè nou msyedam.

*Kesyon yo :*

1. Ki moun ap mennen madigra yo? Poukisa? Èske Pti Koudjay gen yon moun espesyal k ap mennen ni ?
2. Pou ki rezon ou panse ke lwa bay non ni ?
3. « Ki » ap di « bonswa » nan chan an ?

**Konpa lan 2000** (Top Vice, 1999)

Tande, tande yo di sèsi sela  
Konpa dirèn [dire n], se li tout moun yo vle  
Menm landemil [2000] li p ap janm efase!  
Ou mèt tande \_\_\_\_\_ blo \_\_\_\_\_ ?

Tan pase, syèk chanje  
Se konpa ki toujou alamòd  
Gen sa ki vle chanje l,  
Gen sa ki vle elimine l  
Annou prekòsyon, se limenm ki idantite nou,  
Ayisyen, ann mèt tèt ansanm,  
pou n al pi lwen an landemil!

I  
Men konpa se pou nou li ye  
Konpa m ap toujou devan  
Se fyèr tèt ou, jèn muzisyen ayisyen

S on eritaj ke nou jame kite  
Tan pase, syèk chanje, l ap toujou devan  
~ Èske se sa? ~ Se li!

Repete: I

Lan de mil la rive sou nou  
Annou kenbe l pou n pa janm lage l  
Men Chalopa dominiken, chalo se konpa l ap jwe ~ Se sa!  
Konpa l made  
Men Rober di l pa Italyen ~ Se vre!  
Rober se konpa l grajè [show off] ~ Se sa! [graje = grape, scrape, squirm]

Mwen fouti m pa Ameriken ~ Wo! [fouti = may, might, liable to do s.thing;  
Hey, se konpa m chante pa fouti = unable]

Aksèpte, nou aksèpte  
Aprove, nou approve, wi  
En en

Hey ou i!  
Salye ~ Men konpa  
Gad on djaz  
Gad on gwouv  
Sa se Mayami, Top Vice

Alo \_\_\_\_\_ mezanmi  
Mwen rive Ozanti, mezanmi kisa m tand ~ tande konpa!  
Mwen ale ann Ewòp, sa m tande y ap jwe ~ konpa!  
An pasan Japon m ateri Mayami, kisa m tande ~ konpa!  
Lè m rive ann Ayiti, ki kote gwoup la sòti!

Nan peyi m se konpa...konpa...konpa...

II.

Rele! rele! rele! kite m jwe konpa

Se la mwen [fè pou moun mwen?], se la mwen fran filing

Mwen t ale a Pari ki sa m tande ~ tande konpa... / Zanti / Japon / Mayami

Si nou travay ansanm n ap anvayi lemonn ~ Nan landemil

Si n kole tèt ansanm, tout moun a respèkte

Konpa se yon bèt rit (rrrit = French [R]),

Ki la depi lontan

Fò nou tout supòte l,

Pou n pouse li pi wo,

Dominiken imite l ~ Lan de mil,

Kolonbyen adòpte l,

Ameriken gen pou l jwe l,

Japone gen pou yo jwe l

N ap voye m pi wo,

Annaryè! Men gita, pou pouse kò [???

Lan de mil rive

Repete II

Bòs apral sonnen wi papa,

Jan w ap tande l la a

Ki enstrimen djaz la ap jwe?

Ki eleman fransize chita nan chan an?

“L ap toujou devan,” sa sa vle di?

Itilize “fouti” avèk “pa fouti” nan yon fraz, pa egzanzp,

*Mwen fouti tonbe nan tou a [hole] si m pa pote flach la avè m*

Kisa senbòl “~” vle endike nan transkripsyon mwen an? – kijan nou rele tèknik sa a?

Kote gwoup la sòti?

Ki lòt peyi yo renmen mizik konpa a?

Ki wòl mizik konpa a genyen nan sosyete ayisyen an?

Ki aspirasyon èske chantè a gen pou devlopman konpa a?

Ki peyi imite mizik la?

*Rekonmanse* (Boukman Eksperyans, 1998)

Pa dekouraje, timoun yo, tande ...

Ayibobo, fwa lan Dja  
Fò n janm dekouraje  
Vant toujou rekoumanse  
Fò nou toujou rekoumanse  
Fwa Ginen  
Ayibobo  
Vant toujou rekomanse

Menm si lan difikilte ~ aha!  
Menm si ou wè chòz ou vle vire ~ pa dekouraje  
Menm si desèpsyon rive  
Fò janm dekouraje  
Pa dekouraje  
Fò pa dekouraje

Menm si ou gon kou lan do  
Menm si ou poko prouve ~ Pa dekouraje [?]  
Menm si pi bon zanmi kite ou  
Antre lan tout fòm, mezanmi

Panse ak lespri, bay lavi  
Antre lan kote ki bay lafwa pou  
Pa janm dekouraje

Rekòmanse! (Fòk) rekòmanse!  
Pa gen kote pou ale [?] [aye]  
Vant toujou rekòmanse

**Blakawout** (Mizik mizik)

Ey, Erik, papa m se yon gwo elektrisyen wi!  
Papa ou pa yon gwo elektrisyen, non, papa ou se yon gwo volè kouran!

Thief! thief! thief!

Sanke m pa nan politik! Ha, ha!  
A, mwen kwè m gen dwa pou m pale, ha, ha, ha!  
Gen yon seri de bagay  
k ape fè n pase yon tray  
Se pou m di laverite paske m gen dwa pou m egziste vre

Pale, pale, pale san wè,  
Di sa ki verite  
Pale san wè sa fè ou mal frè mwen  
Pale, pale, pale san wè,  
Di sa ki verite O non, non, non

Gen jou m santi imilye, Ha, ha!  
Lè mwen pran pou m konpare  
Peyi m nan avèk letranje, se pa anyen ki manke,  
Se fòs kouraj pou nou sanble, epi travay pou nou avanse vre

Pale, pale, pale sa ou wè,  
Di sa ki verite  
Pale sa ou wè sa k ap manje ou frè mwen,  
Pale, pale, pale sa ou wè,  
Di sa ki verite O...

Tout valè yo ale  
Lè koken yo di yo bon, nèg serye yo sou ban, wo,  
Ann retrase kat la pou demen kab miyò,  
Si te ka t on jou founi lòt, o non non non

M pa wè menm!

Ban m fènwa mwen!  
Ban m blakawout mwen souple!  
Ay, se li mwen bezwen pou mwen fè magouy mwen  
Ban m blakawout mwen souple!  
A, se li m ap tann pou m konte lajan mwen,  
Se li mwen bezwen pou m manyen matant mwen,  
Se yon blakawout la, nou pa ka fonksyonne,  
Ban m blakawout mwen souple! Men li  
Depi maten m leve m anvi fè magouy mwen, m pa ka fè magouy mwen,  
Ban m fènwa mwen, ban m blakawout mwen souple!

Se li mwen bezwen pou m jete bilten mwen

## ***Mizik Mizik***

Si lavi a dekouraje ou,      *Sa pou n fè?*  
Bagay yo vin di pou ou,      *Sa pou n fè?*  
Lafanmi dekouraje,      *Sa pou n fè?*  
Lakay pa gen lamanjay      *Sa pou n fè?*      AAAAA!

Gen de bagay ki soti pou dekouraje,  
yo pete fanmi, leve maten pa gen travay, sa pou n fè?  
lakay pa gen lamanjay ooo! Mezanmi!      AAAAA!

Madanm pitit leve chak jou pou bay manje  
katrè dimaten ou leve ou pa gen dòmi nan je, sa pou fè?  
Lamizè janbe leve: lapli pa tonbe, jaden pa pouse,  
mayi pa leve, menm pitimi pa donner,  
menm lè lapli tonbe, jaden pa janm pouse, tout moun tèk [sèk] nan mòn yo,  
plis se tonbe nan lanmè.      AAAAA!

Gen de bagay ki soti pou dekouraje,  
yo pete fanmi, leve maten pa gen travay, sa pou n fè?  
lakay pa gen lamanjay ooo! Tande sa!      AAAAA

Madanm pitit leve chak jou pou bay manje,  
katrè dimaten ou leve ou pa gen dòmi nan je, sa pou fè?  
Lamizè janbe [janmen] leve, sa k dekouraje, di sa p ap janm chanje,  
yo prese pran lanmè, pou yon demen mèyè,  
ou koz fwaye kraze, fanmi deraye, bagay yo dejenerè! Mezanmi sa pou n fè wòy?

*M santi se yon [s on] pla diri m ap manje papa...*  
Ti mayi moulen m nan, li [i] pran sos pwason

Wòy, wòy, Simbi nan dlo kote ou ye? – ban m fòs pou m naje – wòy wòy,  
Jigo Okanon kote ou ye? – vin mare senti mwen,  
Sen Michèl Lakanj kote ou ye? – ban m zèl pou m vole – wòy wòy,  
Papa Bondje [Bondye] kote ou ye? – wòy wòy

Men Toto, men Toto, men bon Toto [Toto = *the guitarist?*]  
Mizik! Mizik! wòy, wòy...

Konbyen Babilòn ki genyen nan polis la?  
Konbyen japwouv ki genyen nan lachanm la?  
Ki valè kleren ki rete nan boutèy la?  
Konbe dayiva ki genyen sou bòdmè a?

Lamè [lanmè] a fon e mwen pa ka naje!  
Chaje reken e m pa kwè m ap sove! (x2)

Konbyen Babilòn ki genyen nan polis la?  
Konbyen japwouv ki genyen nan lachanm la?  
Ki valè kleren ki rete nan boutèy la?  
Ki valè moun fou k ap dirije lazil la?

Sa pou n fè? Sa pou n fè? Sa pou n fè? Sa pou n fè? Sa pou n fè? Wòy, wòy!

lamanjay – ‘manje’ (non)

Gen de bagay – gen kèk bagay

mayi – manje ki gen koulè jòn; mayi moulen – ‘ground corn porridge’

pitimi – millet. Bon manje yon ti jan tankou diri.

tèk [sèk] – menm msye Jak Pyè pa tèlman konnen espresyon sa a.

janmen – ‘never’

dòmi nan je – lè ou bezwen dòmi

demen mètè – yon demen ki pi bon

koz – rezon. Sa ki fè yon bagay fèt

fwaye – fanmi, kay.

deraye – “derailed”

mare senti – tighten one’s belt

zèl – zwazo gen 2 zèl pou yo kapab vole

fon - bottom

reken – gwo pwason ki manje kretyenvivan (wè Jaws!). Men sonje: Tout pwason nan lanmè manje moun, sèlman reken pote move non (Pwovèb kreyòl).

Babilòn – “Babylonian” society, corrupt society and government.

japwouv = j’approve, i.e. s.o. who who approves without thinking for themselves

lachanm = “The Chamber,” i.e. Haiti’s government

## ***Wòl Vodou nan Bwa Kayiman***

Bakgrawoun:

- Jou samdi 14 dawou, 1791, desan (200) delege esklav rasanble. Reyinyon an dire pandan youn semenn.
- Inifikasyon divès gwoupman endijèn ('esklav') nan peyi a: grasa vodou, *simantay* la pi fasil [cimentation].
- Seremoni Petwo: Petwo = “a category of often malevolent Voodoo spirits mostly originating in Hispaniola” (Freeman/Laguerre 2002). [See the inverse, benevolent tendency in *Rada*]

Aktivite ki fèt nan seremoni Bwa Kayiman:

- Yo chante chan lagè ki gen nyans mistik:

*Mounsouandi, n a fè lagè!*

*Eya, eya, eya!*

*Nou se nanchon lagè*

*Ou pa tande kanno tire?*

- Yo danse dans batay.
- Yo fè seremoni anba yon pye Mapou.
- Lwa ap sele san rete: “Mitray, Chango, Zeyid Badè, Nannan Bouloukou [...]”
- Yo fè kochon an vini.
- Yo mete manje devan kochon an.
- Li manje l, kidonk li asepte sakrifye tèt li pou lwa yo.
- Yo bwè yon bweson espesyal ki rele *migan*:
- “ritualistic potion prepared with the blood of sacrificed animals, sugar, spices” (F/L).
- Yo sèmante: “Viv lib osnon mouri.”

-----  
Anèkdòt:

Yon fwa, lè mwen te Ayiti, mwen te di yon gwoup timoun yon pwovèb:

“Mapou tonbe, kabrit manje fèy li”

Timoun yo te kriye: “Jan Petwo!”

Efektivman, J. Petwo te yon ougan. Se enteresan timoun rekonnèt pwovèb la sòti nan tradisyon vodou a epi se gwo zansèt J. Petwo ki lanse pawòl la! M pa t janm konnen sa. Se pa blag lè m di nou li nesèsè pou n fè anpil etid nan domèn kreyòl la.

### ***Bibliyografi***

Fuertes, Serge. 1992. *Wòl Vodou nan Bwa Kayiman*. Fabriksiy Kawonabo: Ayimer.

## 10 HAITIAN CREOLE ANIMAL PROVERBS

Yon sèl bourik foure nen l nan farin, nen tout bourik blanch  
*One single donkey sticks his nose in the flour, every donkey's nose is white*

Li pa janm trò ta pou chen anraje  
*It's never too late for a dog to go berserk*

Lò chen pa vle kenbe kabrit li di janm li fè l mal  
*When a dog doesn't want to catch the goat, he says his leg hurts*

Kabrit kaka grenn, li pa famasyen pou sa  
*The goat poops pills, he's not a pharmacist for that*

Kabrit de mèt mouri nan solèy  
*The goat with two masters dies in the sun*

Mapou tonbe kabrit manje fèy li  
*The mapou tree falls, the goat eats its leaves*

Se lè koulèv mouri ou konn longè l  
*It's when the snake dies that you know its length*

Ou met ranni ak bourik men ou pap janm ede l pote chay  
*You can bray with the donkey, but you'll never help him carry his burden*

Mennen koulèv lekòl pa anyen, se fè l chita atò  
*Bringing a snake to school is nothing, try get him to sit now*

Makak sou pa janm dòmi devan pòt chen an  
*The drunk monkey never sleeps in front of the dog's [the enemy's] door*

***Kèk pwovèb kreyòl yo***

1. Tande pa di konprann pou sa (460)
2. Lang pa lanmè, men li ka neye ou (459)                      neye = drown
3. Jou ou pare, ou pa kontre ak bèlmè ou (446)                      pare = ready
4. Twòp prese pa fè jou louvri (439).                      prese = in a hurry
5. Milat pòv se nèg ; nèg rich se milat (436)
6. Bay kou bliye ; pote mak sonje (419)                      kou = punch, blow ; sonje =  
remember
7. Wòch nan dlo pa konnen mizè wòch nan solèy (407)                      mizè = misery
8. Lasante se pi gwo richès (361)                      lasante = health
9. Pwomès se dèt (353)                      pwomès = promise
10. ~~Si m te konnen toujou dèyè~~

For this assignment you will chose 4 proverbs. Provide a literal but idiomatic English translation. Next, for each of those 4 proverbs you will write 3 – 4 short sentences that describe the situation that gave rise to the proverb. There must be a link between the situation you describe and the proverb. After all, proverbs are most meaningful in context. Be creative!

*Egzanp.* 10. Si m te konnen toujou dèyè = If I had known is always behind, i.e.  
“If only I had know” always comes too late.

Sitiyasyon: Mwen gen yon gwo egzamen nan klas mwen. Mwen manke anpil klas. Mwen pa mande pwofesè si n ap genyen yon egzamen. Mwen pa fè yon bon travay nan egzamen an. Ay! Si m te konnen toujou dèyè!

***Atik defini sengilyè yo***

1. Atik *la* a: K\_la (KONSÒN + LA)

kay la	règ la
chèz la	tab la

Lè mo anvan an fini avèk yon konsòn ou mete atik *la* a.

2. Atik *a* a: V\_a (VWAYÈL + A)

wa a	odinatè a
bato a	fi a

Lè mo anvan an fini avèk yon vwayèl oral ou mete atik *a* a.

3. Atik *an* an : VN\_an (VWAYÈL NAZAL + AN)

gason an	men an
tan an	akselerasyon an

Lè mo anvan an fini avèk yon vwayèl nazal ou mete atik *an* an.

4. Atik *nan* an: KN\_nan (KONSÒN NAZAL + NAN)

fanm nan	plim nan
moun nan	pwoblèm nan
bilding nan	zòn nan

Lè mo anvan an fini avèk yon konsòn nazal (m, n, | ) mete atik *nan* an.

5. Atak lan an: VN + K\_lan (VWAYÈL NAZAL + KONSÒN + LAN)

dans lan	lendepandans lan
plant lan	dyalek pòtoprens lan

Lè mo anvan an fini avèk 1) yon vwayèl nazal epi 2) yon *konsòn* (ki pa nazal) ou mete atik *lan* an.

Haitian Creole DEFINITE ARTICLE WORKSHEET, Benjamin Hebblethwaite

kay	vòl	1) <i>la</i> = C_la
chay	padsì	2) <i>a</i> = _____
men	pantalon	3) <i>nan</i> = _____
pale	lendepondans	4) <i>lan</i> = _____
koze	ton	5) <i>an</i> = _____
plim	monnonk	
pan	matant	Key: C = consonant; V = oral vowel;
tab	zen	NV = nasal vowel; NC = nasal
odinatè	mòn	consonant
chèz	lapèn	
kan	kè	gan
nannan	fwon	tan
bannann	je	pè
peyi	pyèj	gason
peyi blan	nèj	kwi
peyi Ayiti	fret	gongolo
mi	pit	najè
chen	manje	dayva
bourik	bikini	rèn
chwal	djip	zen
boga	machin	lèn
krab	bouch	zandolit
krapo	bilding	kachkach liben
sigà	bòs	ren
sigarèt	chalè	endepondans
chemiz	lanmou	ven
chamo	peyi nou	gwòg
nèg	sèk	tafya
negès	rèk	bèk
lwijanboje	zwazo	tay